**SUMMARY**

The article deals with the issues of spiritual world and artistic description in the Uzbek poetry. There are given different points of view about the author's skill on the material of the creative work of E.Vakhidov and the results of theoretical and literary analysis.

# 1980-ЖЫЛЛАРДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ ПОЭМАСЫНДА ҚАҲАРМАН ОБРАЗЫНЫҢ ЖАСАЛЫЎ ӨЗГЕШЕЛИГИ
## (К.Каримов дөретиўшилиги мысалында)

**М.Нуржанов** - *үлкен илимий хызметкер-излениўши*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар:** лиро-эпик поэма, проблематика, лирик қаҳрамон, муаллиф образи.
**Ключевые слова:** лиро-эпическая поэма, проблематика, лирический герой, образ автора.
**Key words:** liro-epical poem, problem, lyrical hero, image of the author.

Поэма жанры XX әсир қарақалпақ әдебиятында белгили орын тутады. Оны изертлеўге С.Ахметов, Ә.Насруллаев, Қ.Султанов, Г.Есемуратов, Т.Мәмбетниязов, Қ.Жәримбетов, Ж.Есенов ҳәм т.б. әдебиятшы алымлардың изертлеў жумыслары белгили үлес болып қосылды [1].

Мақаламыздың тийкарғы изертлеў объекти болған К.Каримовтың поэмалары XX әсирдиң 80-жылларындағы қарақалпақ лиро-эпикалық поэзиясының раўажланыўында салмақлы орны бар. Оның «Жигирмаланшы әсир сазасы», «Муҳаббат қыссасы», «Ўатан», «Әсирге барабар бир замат», «Әсир әпсанасы» шығармалары өзиниң идеялық-тематикалық ҳәм жанрлық өзгешеликлери, қаҳарман образын жасаўдағы өзине тәнлиги менен айрылып турады. Биз мақаламызда шайырдың поэмаларындағы қаҳарман образын жасаўдың өзгешелигин изертлеўди өз алдымызға мақсет етип қойдық.

К.Каримов поэмаларында урыс ҳәм парахатшылық темасы баслы орынды ийелей-ди. Мәселен «Әсирге барабар бир замат» [2] поэмасында бас қаҳарман образын жасаўда автор II жер жүзлик урыста ерлик көрсеткен жаўынгер Жуман Қарақулов ҳаққындағы генерал Малкинниң еске түсириўлерине сүйенген. Онда төмендегидей қатарларды оқыймыз: «Жуман қулашын кең жайып, брустверде жатыр еди. Ол усы жатысында да астан-кестен болған жаў пулемётының уясын көкиреги менен жаппақшы болып атырғандай» [2:71]. Еске түсириўде, сондай-ақ, командирдиң душпан пулемётын жоқ етиўди Ж.Қарақуловқа тапсырғаны, жаў бекинисине жақынлағанда қойыў думанның серпилип, қуяштың жарқырап кеткенлиги, алға жылыслаўдың пайдасыз болып қалғанлығы, нәтийжеде Ж.Қарақуловтың қолындағы гранаталар менен жаў бекинисине бойын атқанлығы ҳәм тағы да басқалар жөнинде мағлыўматлар бар. Еске түсириўдеги қаҳарманлық ҳәрекетке толы мағлыўматлар шайыр К.Каримовқа II жер жүзлик урыс дәўириниң бир ғана моментин көркем шынлыққа айландырыўға тийкар болған. Еске түсириўде сақланып қалған мағлыўматлар жазыўшының көркем қыялының шарықлаўына түртки болған. Нәтийжеде, шайыр жаўынгер Жуман Қарақуловтың мәртлигин, ўатансүйиўшилигин шебер түрде жеткериўге миясар болған. Мәселен, жаў бекинисине қарай еңбеклеп баратырған жаўынгердиң ҳалаты оның ишки толғанyслары формасында былайынша бериледи:

…О, Карпат таўлары, өзиң мәдет бер,
Жарамыздан тынбай қан ақсын, мейли!
Қара таўлар алып панаңа бизди,
Аман жеткер жаўдың шебине шекем! [2:72]

Көринип турғанындай, автор қаҳарманның қурамалы шараяттағы ҳалатын оның монологы арқалы жүдә исенимли сүўретлеген. Өйткени, адам баласының өз өмирине қәўип дөнгенде тәбиятқа, Қудайталаға сыйыныўы бурыннан бар нәрсе. Ал әдебий қаҳарманның өз қураллас досты Саркисянның оққа ушқанын көрип төмендегидей ойларға берилиўи де оқыўшыда үлкен тәсир қалдырады:

…Әх, саған не болды,
Сөйле Саркисян…
Көтере алмайсаң басыңды неге?
Перзентин жойтпасын тағы бир ана,
Әке аман-есен қайтсын үйине,
Өлме Саркисян [2:72].

Жаў бекинисин биргеликте жоқ етиўге жиберилген қураллысы Саркисяннан айрылған Ж.Қарақулов буйрықты жалғыз өзи орынлаўға бел байлайды. Әжелге тикке бағып, алға умтылып баратырған қаҳарманның ишки психологиялық кеширмелери төмендегидей қысқа, тужырымлы, эмоционал тәсиршең қатарлар менен берилген:

…Бәлки улың саған бара алмас аман,
Хош бол, узақтағы үлке таңлары,
Ақ сүтиңе разы бол, анажан! [2:72].

Демек, К.Каримов урыс дәўириниң қатаң ҳақыйқатлығын көркем ҳақыйқатлыққа айландырыўда шеберлик көрсеткен. Егер де еске түсириўдеги Ж.Қарақулов ҳаққындағы мағлыў-матлар қурғақ авторлық баянлаўлар менен берилгенде, жаўынгер образы бундай тәсиршең дәрежеге көтериле алмаған болар еди.

К.Каримовтың «Әсир әпсанасы» [3], «Жигирмаланшы әсир сазасы» [4] поэмалары парахатшылықты қорғаў машқалаларына арналған. Сонлықтан да, аты аталған поэмалардағы қаҳарман образлары да усы машқалаға байланыслы жасалады. Бул шығармалар драмалық поэманың жанрлық тәбиятына сай түрде жазылған. Олардың көркем қурылысында лирикалық ҳәм драмалық элементлер бир-бирине сиңисип кеткен. Мәселен, «Әсир әпсанасы» поэмасының композициясына итибар берейик. Онда автордың кирис сөзи ҳәм жуўмағы бар. Олардың арасында Иблис пенен Эгоисттиң, Эгоист пенен Президенттиң диалогы берилген, сондай-ақ үй қурыўшы, ҳақ нийетли адамзат ўәкили, автор қусаған субъектлердиң сөзлери менен де тәмийинленген. Шайыр атлары аталған поэмаларды жазыўда

1980-жылларда әдебий жәмийетшилик арасында үлкен табысқа ийе болған А.Ариповтың «Жәннетке жол», И.Юсуповтың «Мәңги булақ», Т.Мәтмуратов-тың «Жақсы адамның жүреги» қусаған поэмаларындағы қаҳарман образын жасаў дәстүринен шебер үйренгенлиги ҳәм оннан өзиниң мақсетине сай шебер пайдаланғанлығы сезилип турады. К.Каримовтың «Әсир әпсанасы», «Жигирмаланшы әсир сазасы» поэмаларында урыс ҳақыйқатлығын көркем ҳақыйқатлыққа айландырыў барысында персонажлардың диалоглары, монологларынан шебер пайдаланғанлығын көремиз. Сонлықтан да, әдебиятшы алым Ж.Хошниязов урыс ҳәм парахатшылық проблемаларын сүўретлеўде К.Каримовтың драмалық поэманың көркем тәбиятынан шебер пайдаланғанлығын дурыс атап өтеди [5:98].

Белгили әдебиятшы алым Қ.Камалов 1980-жылларда жазылған Т.Мәтмуратовтың «Мениң жулдызым», М.Бердиевтың «Соңғы оқ» поэмалары туўралы пикир жүрите отырып: «Т.Мәтмуратовтың, М.Бердиевтың поэмаларында бүгинги дүньяның прогрессив адамларының ой-пикирин типиклестирип бериўге умтылыўшылық бар. Буннан алдыңғы жыллар поэмаларында бундай дүнья жүзлик машкалаларға арнап шығарма жазыў тенденциясы сезилмейтуғын еди. Бизиң шайырларымыз әдебиятымызға келген усы жаңалықты–шығарманың пүткил дүнья проблемасына қурыў тенденциясын жүдә күшли даўам етиўи ҳәм тереңлестириўи керек»,−деп жазған еди [6:131]. Демек, К.Каримовтың «Әсир әпсанасы» поэмасы парахатшылықты қорғаў машқаласын шебер түрде сүўретлеўи менен баҳалы.

К.Каримовтың және бир поэмасы «Жигирмаланшы әсир сазасы» деп аталып, ол да усы салмақлы машқалаға арналған. Бул поэма да шайырдың 1980-жыллардағы халық аралық сиясий шийеленисиўлерден тынышсызланып жазған шығармасы болып табылады. Бул нәрсе шайырдың ойлаў горизонтының кеңлигинен, лирикалық қаҳарманның пүткил дүнья дәрти, урысты қаралаў, парахатшылықты сақлаў дәрти менен бәнт екенлигинен дәрек береди. Поэманың 1983-жылдың ақыры ҳәм 1984-жылдың басында жазылғанлығын есапқа алсақ, ондағы публицистикалық руўхтың басымлығы өз-өзинен түсиникли болады. Өйткени, усы жыллары поэзиямызда публицистикалық сыпаттың, ашық сөзликтиң кең ен жайғанлығы илимпазларымыз тәрепинен бир неше мәртебе атап өтилди. Мәселен, белгили әдебиятшы С.Ахметов И.Юсуповтың «Әмиўдәрья» журналының 1984-жылғы №5 санында жәрияланған «Диалектика», «Жақсы адамлар», «Ашық сөз» қосықларында қайта қурыў дәўири руўхының жүдә ашық түрде сәўлеленгенлиги туўралы жазған еди [7:368]. Сондай-ақ, усы әдебиятшы илимпаз М.Сейтниязовтың «Әмиў, Арал мениң өмиримде» [8:369] атлы поэмасын баҳалай отырып, онда Арал машқаласының ашық түрде сүўретленгенлиги ҳаққында айта келип, бул шығарманы публицистикалық поэма сыпатында баҳалаған еди. Усы поэма менен дерлик бир дәўирде дөреген К.Каримовтың «Жигирмаланшы әсир сазасы» поэмасында парахатшылықты қорғаў машқаласы туўралы шайырдың ашық түрде пикир жүритиўи бул дөретпениң жаңашыллығынан дәрек береди.

Улыўма, шайыр К.Каримовтың поэмалары 1980-жыллардағы лиро-эпикалық поэзияда өз орнына ийе. Ол 1980-жыллардағы миллий лиро-эпикалық поэзияны лирикалық поэма, публицистикалық поэма, драмалық поэма, лиро-эпикалық поэма сыяқлы жанрлар менен байытыўға умтылды. Сонлықтан да, келешекте шайыр поэмаларындағы қаҳарман образын жасаўдың өзине тән өзгешелигин және де тереңирек, 1980-жыллардағы қарақалпақ поэмашыллығы, улыўма ХХ әсир қарақалпақ лиро-эпикалык поэзиясы контекстинде изертлеў бизге қызықлы илимий-теориялық жуўмақлар жасаўға имкан береди деп ойлаймыз.

**Әдебиятлар**


1. Ахметов С. Қарақалпақ совет поэзиясы. −Нөкис: «Қарақалпақстан», 1988; Насруллаев Ә. Заман ҳәм лиро-эпикалық поэзия. −Нөкис: «Қарақалпақстан», 1985; Султанов Қ. Заманлас жаным менен… −Нөкис: «Қарақалпақстан», 1972; Жәримбетов Қ. Каракалпакская советская поэзия периода Великий отечественной войны. −Нукус: 1982; Есенов Ж. Поэзия жулдызы. −Нөкис: «Қарақалпақстан», 2003.
2. Каримов К. Ўақыт минарасы (қосықлар ҳәм поэмалар). −Нөкис: «Қарақалпақстан», 1981.
3. Каримов К. Аралдан келдим (қосықлар ҳәм поэма). −Нөкис: «Қарақалпақстан», 1991.
4. Каримов К. Мениң терезелерим (қосықлар ҳәм поэмалар). −Нөкис: «Қаракалпақстан», 1985.
5. Хошниязов Ж. Дәўир талабы ҳәм көркем әдебият. (Поэзия–88) // «Әмиўдәрья», 1989, №6, 98-б.
6. Камалов Қ. Дала бүркити (әдебий критикалық мақалалар жыйнағы). -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1990.
7. Ахметов С. Қарақалпақ совет поэзиясы (әдебий критикалық изертлеў).- Нөкис: «Қарақалпақстан», 1988, 368-б.
8. Сейтниязов М. Әмиў, Арал мениң өмиримде. // «Әмиўдәрья», 1986, №12.



**РЕЗЮМЕ**

Мақола К.Каримов поэмаларида адабий қаҳрамон муаммосининг қўйилиши масалаларига бағишланган бўлиб, унда шоирнинг образ яратиш маҳорати таҳлил қилинган.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящается изучению проблемы литературного героя в произведениях известного каракалпакского-поэта К.Каримова и анализируется мастерство поэта в изображении героев.

**SUMMARY**

The article is devoted to the study of issues of the literary hero in the works of the famous Karakalpak poet K.Karimov. The author analyzed the poet’s skill in the description of characters.